

Fason pou jwenn Èd pou Pèt Cheve

Getting Help for Hair Loss - Haitian Creole



Kèk tretman kansè fè moun pèdi kèk oswa tout cheve yo. Li nòmal pou santi ou timid poutèt ou pèdi cheve ou. Men anjeneral cheve yo grandi ankò, epi ou kapab fè aksyon pou fè pèt cheve a vin mwens pwoblèm pou ou.

Kisa ki lakòz moun ki gen kansè pèdi cheve yo?

Cheve grandi toutan, avèk ansyen cheve k ap tonbe ak nouvo cheve yo k ap ranplase ansyen yo. Anpil medikaman kimyoterapi domaje cheve k ap grandi yo, sa ki fè yo tonbe. Kèk medikaman kimyoterapi kapab lakòz cheve yo vin mens oswa cheve yo tonbe sèlman sou po tèt la. Lòt medikaman yo lakòz cheve yo vin mens tou oswa pèt pwal nan bra ak janm, sousi oswa popyè yo. Radyoterapi nan tèt kapab lakòz pèt cheve tou nan po tèt la.

Si cheve ou pral tonbe pi souvan sa kòmanse nan 1 a 3 semèn, apre ou kòmanse tretman an epi sa ap vin grav nan 1 oswa 2 mwa. Men cheve yo souvan kòmanse grandi ankò menm anvan tretman an fini.

Aksyon ou kapab fè pou prepare pou pèt cheve

- Mande doktè ou si li posib pou pèdi cheve ou. Si li posib, mande doktè a si sa pral rive pi vit oswa apre yon peryòd tan.
- Pale avèk ekip swen kansè ou konsènan si yon kask refwadisman ta ka ede redui risk ou. Gen anpil rechèch ki fêt pou aprann si kask refwadisman yo travay ak si yo san danje. Kask refwadisman yo kapab gen kèk efè segondè, tankou maltèt, doulè nan po tèt, ak nan kou epi malèz nan zèpòl. Pale avèk ekip swen kansè ou konsènan avantaj, risk, ak efè segondè kask refwadisman yo.
- Asirans sante ou ka kouvri yon pati nan depans yo pou achte perik ak lò kouvèti po tèt la. Si se sa, mande ekip swen sante ou yon preskripsyon pou perik. The American Cancer Society Pwogram “tlc” *Tender Loving Care*® American Cancer Society ofri yon varyete perik, chapo ak foulà ki bon mache. Ou kapab achte atik sa yo depi ou ale sou sitwèb “tlc”™ nan tlcdirect.org oswa depi ou rele nimewo **1-800-850-9445**.
- Ou ta ka chwazi pou koupe cheve ou kout oswa men kale tèt ou anvan cheve yo kòmanse tonbe.

Lòt aksyon ou kapab fè lè ou pèdi cheve ou:

- Ou ka santi demanjezon oswa sansiblite nan po tèt ou. Ale dousman lè w ap bwose oswa lave cheve ou. Itilizasyon yon peny gwo dan ka ede ou.
- Ou ka redui pèt cheve ou si ou pa bwose oswa si ou pa redi cheve ou twòp. Evite fè très oswa ke cheval oswa pran prekosyon ou lè w ap fè sa, evite itilize woulo, sechaj nan lè cho, oswa evite itilize bouk oswa fè plat nan cheve yo.
- Si cheve ou vin mens anpil, oswa si li tonbe nèt, asire ou pwoteje po ,ki nan tèt ou kont chalè, fredi, ak solèy. Itilize yon krèm solèy ki gen espèk laj epi ki gen yon faktè pwoteksyon kont solèy (SPF) omwen 30 epi mete yon chapo. Nan tan frèt, , mete yon chapo oswa foulà pou kouvri tèt ou epi pou rete tyèd.
- Lè nouvo cheve yo kòmanse grandi, yo ka kase fasil nan kòmansman. Evite pèmanant ak tenti pandan premye mwa yo. Kite cheve yo kout ak fasil pou penyen.
- Lè cheve yo kòmanse grandi ankò, yo ka gen yon koulè oswa teksti diferan. Apre yon peryòd tan, l ap ,posib cheve yo retounen nan fason yo te ye anvan tretman an.



Di zanmi oswa moun ou renmen yo sa yo kapab fè pou ede ou. Ou ta Kapab siviv byen avèk sipò ak konpreyansyon yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.



Every cancer. Every life.



ENGLISH

© 2022, American Cancer Society, Inc.
No. 216000 Rev. 10/22

Modèl nou itilize yo se pou objektif pou bay egzanz sèlman.
bbb.org/charity